



Jesyon fanm ki ansent pou PROM - Enstriksyon pou Pasyan yo

Mwen konprann risk ak avantaj potansyèl ki genyen nan tann pou tranche a kòmanse poukont li.

Sak dlo mwen an te kraze a: _____
(Dat) (Lè)

Mwen pral retounen nan Tranche ak Akouchman (Labor & Delivery (L&D)) avan: _____
(Dat) (Lè)

LIS KONTWÒL JESYON ATANT YO

- ☐ Pa mete anyen nan vajan an
- ☐ Mwen pral pran tanperati mwen chak 4 èdtan epi retounen nan Tranche ak Akouchman si mwen gen yon tanperati ki pi wo pase 100.0 F.
- ☐ Mwen pral tcheke koulè dlo mwen an (likid amnyotik la), si li pa klè, li gen yon koulè jòn oswa vèt, mwen pral retounen nan Tranche ak Akouchman.
- ☐ Mwen pral tcheke mouvman tibebe mwen an: (Konte kantite kout pye ou santi. Ou ta dwe santi tibebe w la deplase omwen 5 fwa nan 1 èdtan. Mwen pral retounen nan tranche ak akouchman si tibebe mwen an deplase mwens pase 5 fwa nan 1 èdtan.)
- ☐ Si travay la kòmanse poukont li oswa mwen remake senyen nan vajan, mwen pral retounen nan Tranche ak Akouchman

Tanperati mwen an: anrejistre chak 4 èdtan depi lè mwen te kraze sak dlo mwen an

Lè	Tanperati
4 èdtan	
8 èdtan	
12 èdtan	
16 èdtan	
20 èdtan	
24 èdtan	

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, ou ka kontakte Depatman Tranche ak Akouchman BMC 24 sou 24/7 jou sou 7 nan (617) 414-4364.